

La Bib pou ti moun  
prézanté



Fanm nan  
bò pi a



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Lazarus  
Alastair Paterson

Adapté pa : Ruth Klassen

Tradwi pa : Ausky Salomon


Pwodwi pa : Bible for Children  
[www.M1914.org](http://www.M1914.org)

©2025 Bible for Children, Inc.


Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopi istwa sa,  
dépi sé pa pou van-n ou fè li.




Jezi ak disip li yo t ap travèse Samari. Yo te rive nan yon vil ki te rele "Sychar".



Te genyen yon pi la, kote moun Sychar yo te konn pran dlo pou yo bwè. Jakòb, papa Izrayelit yo, te fouye pi sa a sa genyen lontan.



Nan kòmansman apremidi a, li dwe te fè cho, epi Jezi te chita bò pi a pandan disip li yo t ale Sychar pou y al achte manje.






Jezi te poukont li  
— men pa pou  
lontan. Yon fanm  
ki te rete Sychar  
te vin pran dlo.  
“Ban m bwè ti dlo”,  
Jezi te di li.




Fanm nan te sezi. "Kòman fè, ou menm ki se yon Juif, w ap mande yon Samaritèn pou li ba w bwè ti dlo?" li mande l. Nan epòk sa a, Juif yo pa te genyen okenn relasyon ak Samariten yo !



Li te petèt pi sezi  
toujou lè Jezi te di l :  
"Si w te konnen kiyès  
mwenn ye, ou ta mande  
m dlo ki bay lavi a."





Fanm nan di Jezi :  
"Senyè, ou pa gen anyen  
pou w rale dlo a, epi pi a  
fon ; Ki kote w ta kapab  
jwenn dlo ki bay lavi sa a  
menm ? Èske w pi gran  
pase Jakòb, papa nou, ki  
te ban nou pi sa a... ?"






“Nenpòt moun ki bwè nan dlo sa a ap swaf dlo ankò”, Jezi di li. Men, sila ki bwè nan dlo mwen ap ba li a p ap janm swaf ankò. Dlo mwen ap ba li a ap tounen andedan li yon sous dlo k ap koule pou lavi etènèl.”  
Fanm nan di li :  
“Senyè, ban mwen ti gout nan dlo sa a...”




Jezi te mande fanm nan pou l al rele mari li.  
"Mwen pa genyen mari", Li te reponn. "Ou te gen  
senk mari", Jezi di. "Epi sa w genyen kounye a se  
pa mari w."



Fanm nan te rekonèt Jezi se te yon pwofèt. Li t ap eseye fè l di li ki kote pou y al adore Bondye : Jerizalèm oswa sou mòn sakre Samariten yo. Jezi di li bonjan (vrè) adoratè yo adore Papa a nan lespri yo ak nan laverite.



“Mwen konnen Mesi a genyen pou li vini,” fanm nan di Jezi. “Lè li vini, I apral di nou tout bagay.” Jezi di li : “se Mwen menm, mwen menm k ap pale avèk ou a mwen se Mesi a.” Nan moman sa a, disip yo te vin rive. Lè sa a, fanm nan te kite krich li a epi li te retounen nan vil la.






“Vini wè yon  
nonm ki te di  
mwenn tout sa m  
fè,” fanm nan te  
di mesye  
Sychar yo.  
“Eske se pa te  
Kris la ?”  
Mesye yo te  
soti nan vil la  
pou yal wè Jezi.




Pandan tan sa a, disip yo te di Jezi pou li manje.  
Men, li di yo : "Manje mwen se fè volonte moun ki te  
voye m nan, epi pou mwen fè travay li." Travay sa a  
se te pou li mennen moun yo bay Bondye.



Anpil  
Samariten te  
kwè nan li  
poutèt pawòl  
fanm nan. Yo  
te mande Jezi  
pou li te rete  
avèk yo, epi li  
te rete ak yo  
pandan de jou.





Epi plis moun  
te kwè akoz  
predikasyon l  
an, yo t ap di :  
"...nou te  
tande li nou  
menm epi nou  
konnen se li  
menm ki Kris  
la toutbonvre,  
Sovè mond  
lan."



Fanm nan bò pi a

Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,

Nap jwen-n nan

Jan 4

"Pawòl Bondyé poté limyè."

Sòm 119 : 130



Fen



Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résite priyé sa :  
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité. Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

